



# NAVIGASYON PWOSESIS POU FÈ PÈMI AN

Sèvis Enspeksyon Boston

Gid sa a ap ba ou yon apèsi epi dekri pwosesis espesifik global ak pwosesis enspeksyon pèmi konstwiksyon nan Vil Boston. Pou kesyon espesifik, tanpri kontakte Sèvis Enspeksyon an nan [617-635-5300](tel:617-635-5300) oswa [isd@boston.gov](mailto:isd@boston.gov) oswa rele 311.



City of Boston  
Inspectional Services

# KONTNI

KONTNI	1
1. KÒMANSE	2
ETAP 1: APRANN PWOSESIS AK KONTÈKS LA	2
ETAP 2: VERIFYE ZONAJ PWOPRIYETE A AK SITIYASYON OKIPASYON LI	2
BEZWEN KONSEPSYON AK KONSTWIKSYON	2
REVIZYON DOKIMANTASYON LEGAL	3
ETAP 3: DETÈMINE EGZIJANS PÈMI W LAN	4
PÈMI KONSTWIKSYON ESPESIFIK	4
2. POU AVANSE	6
ETAP 4: RASANBLE ENFÒMASYON KÒRÈK YO	6
ETAP 5: SOUMÈT APLIKASYON PÈMI W LAN	6
KOTE POU W APLIKE	6
KIJAN POU W APLIKE	7
3. SWIVI	8
ETAP 6: KONPRANN KALANDRIYE REVIZYON AN	8
ETAP 7: FÈ APÈL POU APLIKASYON W LAN	8
ETAP 8: DETÈMINE PWOCHEN ETAP YO	9
ETAP 9: KONSILTE RESOUS ANPLIS	9



# 1. KÒMANSE

## ETAP 1: APRANN PWOSESIS AK KONTÈKS LA

- **Kiyès ki responsab pou bay pèmi konstwiksyon?** [Sèvis Enspeksyon](#) administre ak kontwole biling, lojman, sante, sanitasyon, ak règlemantasyon sekirite ke gouvènman Vil ak Eta a mandate. Aplikasyon pou pèmi pou pwojè konstwiksyon tankou biling, elektrisite, plonbri, ak gaz dwe fèt avan travay la. Tou depan dire, nivo ak anplasman pwojè w la, revizyon lòt ajans gendwa nesesè.
- **Èske w ap konstwi oswa modènize yon ti biznis?** [Biwo Opòtinite Ekonomik ak Kabinè Enklizyon](#) ofri resous konplè pou tout biznis nan Vil Boston, ki genyen ladann Ekip Developman Ti Biznis ak Boston Main Streets, kote tou de ofri resous pou kòmanse, grandi, ak konstwi biznis nan Boston.
- **Èske w ap konstwi oswa modènize kay ou?** [Biwo Majistra pou Lojman](#) ak Depatman [Anviwònman](#) ansanm ak [Ajans Planifikasyon ak Developman Boston](#), ofri resous pwopriyetè kay ak lokatè pou yo aprann plis sou kondisyon espasyal ak anviwònmantal nan Boston.

## ETAP 2: VERIFYE ZONAJ PWOPRIYETE A AK SITIYASYON OKIPASYON LI

- **M ap planifye pou m konstwi nan Boston. Ki kote pou m kòmanse?** Avan pou w aplike pou pèmi pou nenpòt ki kalite konstwiksyon, epi w pot ko fè sa déjà, ou pral bezwen konsilte yon pwofesyonèl konsepsyon lisansye (Achitèk oswa Enjenyè) nan eta Massachusetts ak yon kontraktè lisansye ki ka ede ekri dokiman apwopriye yo epi gide w nan tout pwosesis la. Li gendwa bon pou w konfime istorik pèmi anplasman an, denominasyon zonaj la, ak sitiyasyon okipasyon legal la.

## BEZWEN KONSEPSYON AK KONSTWIKSYON

- Kontraktè Lisansye — Lè w ap anvizaje kiyès pou w angaje pou pwojè w la, nou rekòmande ke w sèvi ak yon kontraktè lisansye sèlman (CSL) ki gen yon Kontra Amelyorasyon Kay (Home Improvement Contracting, HIC), epi ke moun sa a aplike pou tout pèmi yo pou ou.
  - Ou ka tcheke yon lisans Konstriktè Lisansye sou [sit eta a](#).



- Pou plis enfòmasyon pou w jwenn yon kontraktè, kreyasyon yon kontra ak sa pou w konnen pandan ak anvan konstwiksyon, vizite paj [\*\*Konsèy Pou Amelyorasyon Kay ak Kontra\*\*](#) la.
- Konsepsyón Espas la — Pwosesis pèmi an pou fòm ki long pral mande ke w soumèt plan bilding yo bay yon ISD pou revizyon ak apwobasyon. Nou rekòmande ke w fè rechèch ak fè plan pou w angaje yon achitèk oswa konseptè ki kapab pwodui desen teknik pou ou. Nan anpil ka kote pa genyen chanjman nan itilizasyon aktyèl, evakyasyon, oswa lòt paramèt esansyèl, plan yo gendwa pa nesesè. Pou reparasyon kay ki senp, pifò pa egzije plan.

### **REVIZYON DOKIMANTASYON LEGAL**

- Istorik Pèmi — Avan w kòmanse, tcheke itilizasyon ak okipasyon legal aktyèl bilding nan ak ansyen pèmi sou entènèt nan [\*\*Rechèch Pèmi Bilding\*\*](#). Sal Dokiman ISD a ki twouve li nan 1010 Massachusetts Ave. ka ofri plis asistans.
- **Denominasyon Zonaj** — Ou ka verifye zonaj sou entènèt, pou sa fè rechèch sou denominasyon pasèl sou [\*\*Kat rechèch Ajans Planifikasyon ak Developman Boston an\*\*](#). Tou depan kalite travay ou gen entansyon fè a, pwojè w la ap tonbe nan youn pami de kategori zonaj:
  - **San Otorizasyon** — Si pwopriyete w la twouve li nan zòn ki koresponn ak itilizasyon li genyen an epi li konfòm ak tout lòt egzijans zonaj yo, ou gendwa avanse san pwosesis aplikasyon an.
  - **Egzonerasyon Zonaj** — Si travay ou genyen entansyon fè a pa konfòm ak tout egzijans zonaj yo, nan ka sa a, y ap refize aplikasyon pèmi w lan, epi w pral oblige chache varyasyon nan [\*\*Komite Apèl Zonaj\*\*](#) (Zoning Board of Appeal, ZBA) epi gen possiblite pou li pase nan pwosesis revizyon katye a.
  - **Aktyalizasyon Sitiyasyon** — Ou pral kapab swiv egzonerasyon apèl ou a sou [\*\*Swivi ZBA\*\*](#).
- **Prèv Okipasyon Legal** — Sit Sèvis Enspeksyon an di w [\*\*fason pou w jwenn prèv ki nesesè yo\*\*](#) ke dosye w la deja egziste oubyen non. Konfime ke gen yon dosye legal itilizasyon ak okipasyon pwopriyete a avan pou w aplike pou pèmi an.
  - **Dosye nan Rejis** — Ou ka mande yon kopi dosye okipasyon an nan ISD avan w chache jwenn yon pèmi koutèm oswa lontèm, tou depann tip konstwiksyon an (yo prezante pwosesis sa a annapre a).
  - **Pa Gen Dosye nan Rejis** — Ou pral bezwen aplike pou konfime okipasyon an. Tou depann gwosè travay la ou gendwa swa ajoute deskripsyon travay la nan aplikasyon sa a oswa tann aplikasyon an soti epi aplike pou ak jwenn yon pèmi minè pou pwopozisyon travay la.



## ETAP 3: DETÈMINE EGZIJANS PÈMI W LAN

### PÈMI KONSTWIKSYON ESPESIFIK

- **Poukisa mwen bezwen yon pèmi konstwiksyon?** Selon lalwa pèmi nesesè pou kòmanse nenpòt kalite konstwiksyon. Jan sa te mansyone pwoesisis pèmi Sèvis Enspeksyon an baze sou si wi ou non w ap fè chanjman nan yon estrikti oswa nan okipasyon yon bilding.
- **Kiyès ki dwe aplike pou pèmi konstwiksyon?** Nenpòt kontraktè endividyle, konpayi oswa pwopriyetè k ap chache fè yon konstwiksyon dwe aplike pou yon pèmi konstwiksyon.
- **Ki pèmi konstwiksyon mwen bezwen?** Si w te deja detèmine kondisyon okipasyon ak zonaj pwopriyete w la, ou gendwa te deja anvizaje si se yon pèmi fòm kout oswa fòm long k ap nesesè.
  - **Fòm Kout/Pèmi Minè** – Sa yo nesesè pou travay minè ak travay ki p ap chanje nan yon bilding a) Itilizasyon oswa sòti b) Pwoteksyon kont ensandi, c) Oswa espas moun ap viv.
  - **Fòm Long/Pèmi Chanjman** – Sa yo obligatwa pou novo konstwiksyon, oswa pou fè gwo mizajou nan yon bilding ki gendwa mande egzonerasyon zonaj. Kòm egzanp majè nou ka site:
    - Nouvo konstwiksyon ak ajou,
    - Reparasyon estrikti oswa modènizasyon,
    - Chanjman nan oswa legalizasyon itilizasyon oswa okipasyon, si pa genyen dosye,
    - Kreye yon Ajou Lojman Anplis (Additional Dwelling Unit, ADU),
    - Enstalasyon yon sistèm eliminasyon ensandi oswa alam ensandi,
    - Epi ogmantasyon kapasite pou itilizasyon bilding nan.
  - Pou plis enfòmasyon sou divès kalite otorizasyon konstwiksyon, vizite paj ISD sou paj Ki Pèmi Konstwiksyon Mwen Bezwen? la.

### LÒT PÈMI ENPÒTAN

- **Èske m ap bezwen lòt pèmi pandan konstwiksyon an?** Wi, genyen posiblite pou pwojè w la egzije lòt aplikasyon pèmi. Pou pwojè alafwa rezidansyèl ak komèsyal, ISD ajoute "gid pratik" pou kalite pèmi ki annapre yo:
  - Pèmi demolisyon
  - Itilizasyon pèmi sou plas
  - Pèmi fondasyon



- **Pèmi nouveau konstwiksyon**
- **Lisans garaj estokaj flamab** – Nesesè si yon pwojè gen yon garaj enteryè ki ladann
- **Fèy metal** (kondui)
- **Pèmi Elektrik ak Mekanik**
- Revizyon Depatman an — Tou depan gwosè pwojè w la, pwosesis apwobasyon an gendwa genyen ladann egzijans Depatman Anviwònman, Repè, Dlo ak Egou, **Komisyon Amelyorasyon Piblik**, ak Ponpye.



## 2. POU AVANSE

### ETAP 4: RASANBLE ENFÒMASYON KÒRÈK YO

- **Kisa ki nesesè pou aplikasyon yon pèmi konstwiksyon?** Pou ni pèmi fòm kout ak fòm long, kandida yo dwe prepare pou bay enfòmasyon oswa dokiman ki annapre yo:
  - Deskripsyon Konplè Travay la
  - Estimasyon Depans Total la
  - Lisans Idantifikasiyon ak Pwofesyonèl
  - Yon Kopi Kontra Kontraktè a
  - Egzonerasyon Pwopriyetè Kay la
  - Afidavit Mattocks Higgins
  - Afidavit Konpansasyon Travayè
  - Lòt Enfòmasyon Posib
    - Kontwòl kantite bêt nuizib pou redchose ak travay teren
    - Dokiman konstwiksyon, tankou plan (si se yon fòm long)
    - Yon sètifica sante pou preparasyon komèsyal manje
    - Afidavit Sekirite Konstwiksyon (tou depann gwochè pwojè a ak kalite pèmi an)
  - Apwobasyon Komisyón Repè a (si w ap travay nan distri istorik la)
- **Lis Verifikasyon Jeneral ISD - Lis Verifikasyon Aplikasyon Pèmi Konstwiksyon** sa a kouvri chak nan kategori sa yo nan yon fason pi pwofon tou depan nivo demolisyon ak nouvo konstwiksyon an.
- Chache Pèmi Apwouve - Sit Analyze Boston nan genyen ladann tou fason pou fè rechèch sou ansyen ak nouvo pèmi, yo tout se dosye piblik, epi yo ta dwe genyen ladann yo meyè pratik pou ranpli enfòmasyon sa yo.

### ETAP 5: SOUMÈT APLIKASYON PÈMI W LAN

#### KOTE POU W APLIKE

- **Kibò pou w aplike pou pèmi konstwiksyon?** Ou ka aplike sou entènèt pou pifò pèmi konstwiksyon yo sou Pòtay ISD Pou Pèmi ak Lisans lan. Prepare w pou w kreye ak sonje enfòmasyon koneksyon w yon fason pou w ka sovgade travay ou ofiramezi w ap reyini enfòmasyon nesesè yo.



## KIJAN POU W APLIKE

- **Kijan pou w aplike pou pèmi konstwiksyon?** N ap ankouraje tout moun k ap chache pèmi yo pou aplike dabò sou pòtay entènèt la. Si w tonbe sou yon pwoblèm ki mande yon asistans an pèsòn, biwo ISD ki nan 1010 Massachusetts Avenue ka asiste w lendi-vandredi, soti 8èAM RIVE 4èPM
- **Pwosesis Global la —** Pwosesis aplikasyon sou entènèt la pral mande w pou w franchi etap ki annapre yo:
  - Enskri pou yon kont (non itilizatè ak modpas)
  - Chwazi kalite pèmi a, lokalite ak wòl (twa etap)
  - Ajoute enfòmasyon kontak ekip la
  - Chwazi kalite travay, tip okipasyon, evalyasyon travay ki dwe fèt la, deskripsyon travay la
  - Chaje Dokiman yo
  - Peye frè enpòtan yo
- **Gid Pratik —** Anpil moun te vini kote nou ak kesyon espesifik sou fason pou aplike pou pèmi yo oswa chaje dokiman yo. An repons, nou te kreye kèlke resous vizyèl pou gide w nan pwosesis sa a:
  - [Paj Web: Kijan pou w Jwenn yon Pèmi Fòm Kout](#)
  - [Paj Wèb: Kijan pou w Jwenn yon Pèmi Fòm Long](#)
  - [Videyo: Kijan pou w Aplike pou Pèmi Fòm Kout](#)
- **Peman —** Ou ka jwenn pri chak pèmi [la a.](#) Ou gendwa peye sou entènèt ak yon kat debi, kredi oswa PayPal sou entènèt.



## 3. SWIVI

### ETAP 6: KONPRANN KALANDRIYE REVIZYON AN

- **Kisa ki nesesè pou yon pèmi jwenn apwobasyon?** Si w soumèt tout dokiman yo nan fason ki kòrèk, y ap fè revizyon pèmi w la nan plizyè etap:
  - Admisyon ak peman
  - Revizyon pwojè
  - Revizyon zonaj (*si sa nesesè*)
  - Emisyon
  - Enspeksyon
  - Okipasyon
  - Reyalizasyon
  - Revizyon Bilding nan
  - Revizyon Kòd Prevansyon Ensandi
- **Konbyen tan sa ap pran pou revizyon pèmi mwen an?**
  - **Fòm Kout** — Gendwa pran 1 semèn ak tout dokiman apwopriye yo.
  - Fòm Long — Sa pral depann de gwo sè pwojè a, ant 4 a 5 semèn ak tout dokiman apwopriye yo ak si aplikasyon an pa bezwen egzonerasyon konstwiksyon owa zonaj.

### ETAP 7: FÈ APÈL POU APLIKASYON W LAN

- **Kisa mwen ta dwe fè si yo bay pèmi m nan refi?** Si ISD bay pèmi w lan yon lèt refi, genyen posiblite pou refè konsepsyon pwojè w la oswa chache varyasyon/egzonerasyon nan komite zonaj la. Men yon deskripsyon etap pa etap sou sa pou w fè:
  - **Soumèt yon Apèl** — Apre w fin resevwa yon lèt refi ISD, ou dwe soumèt apèl ou a nan entèval 45 jou apre w fin resevwa lèt refi a.
  - Revizyon Kominotè — Yon fwa w fin soumèt apèl la, ou pral bezwen kontakte Biwo Meri Sèvis Katye (Office of Neighborhood Services) pou kòmanse pwosesis revizyon kominotè a. Sa gendwa genyen ladann yon reyinyon abitan katye ke Lyezon Katye ONS ki reprezante katye kote yo pwopoze pwojè a, epi souvan asiste yon reyinyon ak dirijan minisipal oswa asosyasyon katye.



- **Komite Apèl Zonaj** — Apre pwosesis kominotè w la fini, ONS pral enfòme ISD ke apèl ou a pare pou li pwogramme pou yon odyans avan [Zoning Board of Appeal](#) (Komite Apèl Zonaj), ki reyini chak semèn. Akoz kantite ka ak obligasyon avi legal, sa gendwa pran plizyè semèn avan yo tandé apèl ou a. Gid [ZBA Tracker](#) ak [Pwosesis Apèl ZBA](#) se resous itil tou.
- **Desizyon Legal** — Apre odyans ou an, y ap kreye yon desizyon legal epi soumèt li bay Komisè a pou siyati. Yon fwa li siyen, dwe genyen yon peryòd apèl 20 ki dwe pase avan desizyon apèl la finalize epi yo retounen plan yo bay Egzaminatè Plan ISD a pou revizyon final.
- Egzaminatè a pral enfòme w alekri si plis dokiman nesesè pou finalize pwosesis revizyon an.

#### **ETAP 8: DETÈMINE PWOCHEN ETAP YO**

- **Kisa mwen ta dwe fè apre yo fin soti pèmi m nan?** Felisitasyon! Avan w kòmanse travay sou pwojè w la, w ap bezwen enprime yon kat Pèmi Konstwiksyon. Si w te aplike pou yon pèmi sou entènèt, sa a se yon bagay ke w ka enprime lakay ou poukont ou.
- **Kilè mwen kapab itilize lakay mwen oswa ouvri biznis mwen an?** Asire ke w genyen pèmi enpòtan yo se yon etap enpòtan nan pwosesis la, men tou li pral bezwen swivi ak enspeksyon konstwiksyon pandan faz diferan konstwiksyon an. ISD pral mennen enspeksyon pandan lavi pwojè w la. Rapò enspeksyon sa yo pral nesesè pou fèmen pèmi an. Anplis de sa, Depatman Ponpye Boston, si li gen jiridiksyon, gendwa bezwen apwouve dispozitif pwoteksyon vi ki annatant ki enstale ak teste. [Kontakte Enspektè](#) a pou kòmanse. Ou gendwa bezwen yon sètifikasi okipasyon.
- **Pandan konbyen tan pèmi m nan ap dire?** Yon fwa w genyen pèmi w lan, travay la dwe kòmanse nan entèval sis mwa dat ou te resevwa l la epi kontinye san kanpe. Nan kèlke ka, ou gendwa kapab etann pèmi w la pandan peryòd ki pi long ak apwobasyon ISD.

#### **ETAP 9: KONSILTE RESOUS ANPLIS**

- **Ki lòt resous ki disponib?** Tou depan nati pwojè w la, ISD rekòmande pou w konsilte lòt pwogram ak gid ki gendwa enpòtan pou pwopriyete ak pwojè w la.
  - **Pwogram Ajou Lojman Anplis (Additional Dwelling Unit, ADU)** — Pwogram ADU a pèmèt pwopriyetè Vil Boston kreye yon espas nan



plan kay yo pou kreye lojman endepandan, ke yo rele Ajou Lojman Anplis (Additional Dwelling Unit, ADU) san revizyon zonaj. Pou plis enfòmasyon sou pwogram pilòt sa a, tanpri konsilte [\*\*\*sitwèb yo a.\*\*\*](#)

- Gid Ouvèti Restoran — Nan travay ak Biwo Devlopman Ekonomik, ISD mete ansanm yon [\*\*Gid Ouvèti Etablisman Sèvis Manje\*\*](#) ([disponib nan plizyè lang](#)) k ap bay yon apèsi ak dekri pwosesis pèmi espesifik pou restoran an nan Vil Boston.
- Gid Zonaj 101 - Al gade [\*\*Atelye Zonaj 101\*\*](#) ke ISD te òganize nan kòmansman 2021 epi gade [\*\*Gid Apèl Komite Zonaj\*\*](#) pou yon esplikasyon sou fason yon pwojè deplase nan pwosesis zonaj la ak repons kèlke kesyon yo poze souvan sou pwosesis zonaj la.
- Sonje: Nan yon [\*\*zòn inondasyon\*\*](#), ankenn inite rezidansyèl pou moun viv pa otorize nan nivo ki enferyè ak elevasyon inondasyon an (Below Flood Elevation, BFE) ke yo endike sou kat la amwenske Otorite ki Gen Jiridiksyon (Authority Having Jurisdiction, AHJ) apwouve li.

